

SANT MEDIKAL BOSTON NAN (BOSTON MEDICAL CENTER)



Depatman Obstetrik ak Jinekoloji

Chè Pasyan,

Byenvini nan Sant Medikal Boston an. Nou kontan anpil paske ou pral genyen tibebe ou an avèk nou. Men enfòmasyon sou operasyon ou an:

Repetisyon Sezaryèn oswa Premye Sezaryèn: _____

Dat: _____ **Lè pou rive:** _____

Lokal: Boston Medical Center Labor and Delivery Unit (Inite pou Tranche ak Akouchman nan Sant Medikal Boston nan Boston), Bldg Yawkey, 4^{yèm} Etaj

Ou pral enskri pou admisyon ou pandan w ap antre nan Inite pou Tranche ak Akouchman an. Nou toujou vle kòmanse operasyon ou an alè. Men pafwa si genyen yon ijans, nou kapab pran yon ti reta epi kòmanse operasyon ou an yon ti kras anreta. Si genyen yon reta, yon manm nan ekip la pral vini pou pale avèk ou. Nou eskize nou pou nenpòt enkonvenyan sa ka koze. Tanpri sonje nou vle toujou fè tout sa nou kapab pou bay pi bon kalite swen pou tout pasyan nou yo.

Vizit Klinik Anvan Operasyon An

- Klinik Anvan Operasyon an pral rele w epi/oswa voye yon rapèl pa kourye ba ou ki gen dat ak lè vizit ou an anvan operasyon ou an. Yo pral prepare w pou a epi operasyon an epi pral fè tès san ki enpòtan.
- Klinik Anvan Operasyon an sitye nan 725 Albany St (Shapiro Building), Etaj Anba a, Sal A

Tanpri sonje:

- Pa manje anyen pandan 8 èdtan anvan operasyon ou an. Ou kapab bwè dlo oswa Bwason Chirijikal BMC a jiska 2 èdtan anvan operasyon ou an.
- Pale avèk doktè oswa fanmsaj ou an si ou genyen kesyon sou fason pou pran medikaman w ap itilize yo.
- Pote pyès idantifikasyon, kat Asirans Sante, Pwokirasyon Swen Sante w ak Konsantman Ligati Twonp (si ou planifye pou fè sa). Anplis, pote tout atik pèsònèl ou kapab bezwen pou ou menm oswa pou tibebe ou an (rad, bwòs dan, rad pou tibebe, chèz machin).

Pou aprann plis, pale avèk founisè ou an.

Sensèman,
Manm Pèsònèl pou Tranche ak Akouchman